



Pou Piblikasyon Imedya: 23/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GWO PWEN SOU 120 MILYON DOLA POU PWOJÈ ENFRASTRIKTI DLO LOKAL ATRAVÈ ETA NEW YORK

*Apwobasyon asistans finansye otorize aksè Minisipal ak kapital yo bezwen pou pwojè ki redui risk pou sante piblik ak amelyore kalite dlo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Konsèy Administrasyon Kòporasyon Etablisman Anviwònmanal (Environmental Facilities Corporation, EFC) te apwouve 120 milyon dola asistans finansye pou pwojè amelyorasyon enfrastrikti idwolik nan Eta New York. Apwobasyon Konsèy la otorize aksè minisipal nan finansman nan pri ki ba ak sibvansyon ki te anonse anvan pou fè avanse pwojè enfrastrikti dlo ak egou enpòtan yo, tankou pwosesis tretman pou retire kontaminan k ap parèt nan dlo potab yo.

"Amelyore enfrastrikti dlo nou an esansyèl pou konstwi kominote ki an sekirite ak an sante atravè New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Asistans finansyè sa a fè tout diferans pou nou kapab bay Nouyòkè dlo potab, pwoteje resous natirèl nou yo epi asire pwojè yo reyisi ak abòdab."

Finansman ki apwouve jodi a gen ladan envestisman enpòtan ki soti nan Lwa federal Bipatit sou Enfrastrikti (BIL) ak pwogram sibvansyon Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo (WIIA) eta a. Vilaj Coxsackie nan Konte Greene, Otorite Dlo ak Dlo Ize Konte Dutchess, Distri Dlo Franklin Square nan Konte Nassau, ak Vilaj Gowanda nan Konte Cattaraugus pral resevwa finansman pou alafwa BIL ak WIIA pou pwojè ki pral pwoteje dlo potab epi amelyore kalite dlo yon fason konsiderab. Yo te bay Finansman BIL pou Vil Yorkshire nan Konte Cattaraugus.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Enstalasyon Anviwònmanal (Environmental Facilities Corporation, EFC) yo, Maureen A. Coleman, te deklare,** "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York kontinye deplwaye finansman ki soti nan Lwa sou Enfrastrikti Bilateral (Bipartisan Infrastructure Law, BIL) federal la pi vit pase nenpòt lòt eta nan nasyon an. Kouplaj sibvansyon federal ak sibvansyon eta a ap fè yon diferans ant yon kominote ki gen gwo bezwen enfrastrikti dlo ak kominote sa a k ap konstwi ak konplete nouvo enfrastrikti. Nou ankouraje kominote yo pou yo aplike pou dènye faz sibvansyon dlo Eta a anvan dat limit 14 jen an."

**Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal Eta New York la, Sean Mahar, te deklare,** "Investisman nan enfrastrikti dlo yo esansyèl pou devlopman ekonomik nan kominote atravè eta a epi plis pase 120 milyon dola yo anonse jodi a pral bay minisipalite lokal yo aksè ak zouti yo bezwen pou planifye, konstwi, ak aplike amelyorasyon esansyèl nan dlo pwòp ak enfrastrikti dlo potab. Investisman Gouvènè Hochul ak asistans kontinyèl EFC bay pi piti kominote ak kominote ki defavorize yo nan aplike pou finansman ap ede pwoteje sante piblik, benefisye anviwònman an, ak ranfòse ekonomi lokal yo."

**Komisè Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare,** "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York ap pran aksyon pou pwoteje dlo pou bwè – yon nesite debaz pou bon sante. Asistans finansye atravè Kòporasyon Etablisman Anviwònmanal (Environmental Facilities Corporation, EFC) pral pèmèt minisipalite sa yo fè amelyorasyon nan sistèm dlo yo ki pral ede pwoteje kominote yo. Yon remèsiman espesyal pou Biwo Pwoteksyon Apwovizyonman Dlo (Bureau of Water Supply Protection) Depatman Sante (Department of Health, DOH) a ki te ede pwojè sa yo reyalize epi pou travay kontinyèl yo ki te pèmèt Eta New York trase wout la nan ede kominote yo asire bon jan kalite dlo potab pou jenerasyon k ap vini yo."

**Sekretè Deta New York la, Walter T. Mosley, te deklare,** "Enfrastrikti dlo pwòp enpòtan anpil pou sante piblik epi Eta New York ap fè yon enfizyonn istorik fon ki disponib pou adrese bezwen enfrastrikti kominote yo. Apwobasyon 120 milyon dola Konsèy Administrasyon Kòporasyon Etablisman Anviwònmanal la pral bay minisipalite yo aksè ak finansman nan pri ki ba pou pwojè enpòtan ki bati kominote ki pi solid epi ki pi rezistan epi amelyore kalite lavi pou tout Nouyòkè yo."

**Administratris Rejyon 2 EPA Lisa F. Garcia, te deklare,** "Lwa sou Enfrastrikti Bilateral la se yon temwayaj sou rezolisyon kolektif nou pou fòje yon avni kote jistis anviwònmanal pa yon aspirasyon, men se yon reyalyte. Avèk finansman istorik sa a, n ap katalize pwojè enfrastrikti dlo ak egou esansyèl yo, pou asire chak Nouyòkè gen aksè ak dlo pwòp ki san danje."

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare,** "Dlo pwòp se yon dwa esansyèl ke tout Nouyòkè ak Ameriken merite. Pwojè enfrastrikti dlo sa yo pral amelyore kalite dlo atravè eta a, adrese kontaminan k ap parèt tankou PFAS, epi asire Nouyòkè yo gen aksè fyab ak dlo potab. Mwen fyè dèske m te travay pou m pase Lwa sou Enfrastrikti Bilateral la ki ap ede finansman pwojè sa yo, epi m ap kontinye goumen pou resous pou amelyore ak ranfòse enfrastrikti dlo atravè eta a."

**Reprezantan Pat Ryan te deklare,** "Chak fanmi Hudson Valley merite dlo pwòp pou bwè. Soti nan ede elimine PFAS nan dlo Konte Dutchess rive asire paran ki nan Greenwood Lake gen lapè nan lespri ke dlo k ap soti nan tiyo yo pwòp epi an sekirite, finansman sa a pral yon eleman ki chanje jwèt la pou fanmi yo atravè Hudson Valley. Mwen pral kontinye goumen pou asire ke fanmi Hudson Valley pa janm gen enkyetid ke toksin tankou PFAS ki se 'pwodwi chimik pou tout tan' oswa plon ki soti nan tiyo yo nan dlo yo."

**Senatè Eta a, Pete Harckham, te deklare,** "Finansman enfrastrikti sa a, ki gen ladan sipò finansye pou amelyore ak reyabilite enstalasyon dlo potab yo nan Mount Kisco, pral pèmèt minisipalite yo nan tout eta a investi nan amelyorasyon kapital ak nouvo teknoloji ki pral asire ke kondisyon regilasyon tretman dlo yo satisfè. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li fè envèstisman enfrastrikti esansyèl sa yo paske fè amelyorasyon nan enfrastrikti sa a anvan li echwe alafwa efikas ak responsab."

**Manm Asanble Deborah Glick te deklare,** "Avèk nouvo règleman dlo PFAS ki sevè yo ap mete an plas ak kontaminan dlo potab k ap emèje ki menase rezèv dlo, envestisman 120 milyon dola sa a nan finansman enfrastrikti dlo leta ak federal vini nan yon moman kritik. Mwen rekonesan pou Gouvènè Hochul ak Kòporasyon Etablisman Anviwònman la paske yo bay priorite dlo pwòp pou Nouyòk yo epi mwen pa ka tann plis envestisman atravè eta a."

Apwobasyon Konsèy la enkli finansman atravè [Fon Woulman Eta a pou Dlo Pwòp la \(Clean Water State Revolving Fund, CWSRF\)](#) ak [Fon Woulman Eta a pou Dlo Potab \(Drinking Water State Revolving Fund, DWSRF\)](#) ak sibvansyon yo te deja anonse konfòmman ak pwogram WIIA. Se EFC ki administre finansman BIL pou enfrastrikti dlo ak egou atravè pwogram Fon Woulman Eta a (State Revolving Funds).

#### **Pwojè dlo pwòp yo:**

- **Village of Coxsackie, Konte Greene** - 1,599,038 finansman akoutèm san enterè ak yon sibvansyon 2,983,000 dola nan men BIL, ansanm ak yon sibvansyon 1,490,772 dola WIIA atravè Lwa sou Obligasyon pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik 2022 pou planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon koleksyon egou sanitè ak amelyorasyon sistèm dlo lapli pou redwi debòdman egou sanitè pandan evènman tanpèt yo.
- **Villaj Gowanda, Konte Cattaraugus** - 2,157,528 dola finansman akoutèm san enterè ak yon sibvansyon 2,800,500 dola nan men BIL, ansanm ak yon sibvansyon WIIA 1,375,000 dola pou planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon amelyorasyon izin tretman dlo ize.
- **Villaj Pulaski, Konte Oswego** - 4,371,500 dola finansman akoutèm san enterè ak yon sibvansyon WIIA 1,540,500 dola pou planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon amelyorasyon nan izin tretman dlo ize ak sistèm koleksyon an.
- **Vil Yorkshire, Konte Cattaraugus** - 1,629,500 dola sibvansyon BIL pou planifikasyon, konsepsyon, ak konstriksyon Distri Egou Yorkshire Corners la.

#### **Pwojè Dlo Potab:**

- **Distri Dlo Albertson, Konte Nassau** - 4,428,409 dola Sibvansyon WIIA pou enstalasyon yon sistèm tretman Kabòn Aktive Granilè (Granular Activated Carbon, GAC) pou retire PFOA ak PFOS.
- **Otorite Dlo ak Dlo Ize Konte Dutches** - 8,803,545 dola finansman akoutèm unan to mache a, yon sibvansyon WIIA 4,550,086 dola, ak yon sibvansyon 449,914 dola BIL pou enstalasyon yon nouvo entèkoneksyon ant Distri Dlo Greenfields la ak sistèm dlo Hyde Park pou sèvi kòm yon lòt sous dlo akòz

prezans PFOA, PFOS, ak lòt kontaminasyon nan kat pi ki egziste nan Distri Dlo Greenfield la.

- **Distri Dlo Franklin Square, Konte Nassau** - 3,000,000 dola Sibvansyon WIIA ak yon sibvansyon 605,000 dola BIL pou enstalasyon yon sistèm tretman GAC nan Izin No. 1 ak Pi No. 1 ak 2 pou retire PFOS.
- **Vilaj Garden City, Konte Nassau** - 5,100,000 dola sibvansyon WIIA pou enstale nouvo ekipman nan Izin Golf Club vilaj la pou tretman kontaminan k ap emèje yo nan Pi 13 ak 14.
- **Vilaj Greenwood Lake, Konte Orange**- 2,000,000 dola finansman akoutèm ak yon sibvansyon WIIA 3,000,000 dola pou redevlopman pi ki egziste deja yo, devlopman yon nouvo sous, ak reyabilitasyon izin tretman dlo ki egziste deja.
- **Vilaj Ilion, Konte Herkimer** - 3,000,000 dola sibvansyon WIIA pou Faz II amelyorasyon distribisyon priyorite yo, ki gen ladan modènizasyon ak ranplasman konduit dlo, tiyo, bouch ensandi, ak ekipman yo. Anplis de sa, Komisyon Konsèy la te apwouve 4,564,527 dola finansman akoutèm san enterè ak 9,129,054 dola finansman akoutèm nan to mache a pou Faz III pwojè a.
- **Vilaj Mount Kisco, Konte Westchester** - 3,000,000 dola sibvansyon WIIA pou amelyorasyon nan izin tretman dlo a, ranplasman konduit dlo a, ak reyabilitasyon ak amelyorasyon nan kat pi.
- **Vil Orwell, Konte Oswego** - 88,640 dola finansman akoutèm san enterè, yon sibvansyon WIIA 1,763,400 dola, ak yon sibvansyon DWSRF 355,850 dola pou enstalasyon apeprè 2 mil nouvo transmisyon prensipal ak yon nouvo estasyon ponpaj sou Wout 2 Konte a pou konekte Scholler Well Field nan vil Richland ak sistèm dlo vil Orwell ki egziste deja.
- **Vil Yonkers nan Konte Westchester** - 3,000,000 dola sibvansyon WIIA pou enstalasyon apeprè 2,600 pye lineyè konduit dlo nan Nepperhan Avenue.

**Pwojè refiansman ki konplete yo ap reyalize ekonomi nan sèvis dèt alontèm yo**  
Konsèy la te pran mezi tou pou asire abòdabilite kontinyèl epi alontèm pwojè ki egziste yo. Konsèy la te apwouve finansman alontèm, san enterè ki totalize 43 milyon dola pou pwojè ki sitiye nan Vilaj Ilion nan Konte Herkimer, Vilaj Liberty nan Konte Sullivan, Vilaj Lima nan Konte Livingston, Vil Moreau nan Konte Saratoga, Vil Newburgh nan Konte Orange, Vil Riverhead nan Konte Suffolk, ak Vilaj Silver Creek nan Konte Chautauqua.

Finansman akoutèm yo bay kapital pou pwojè konsepsyon ak konstriksyon yo. Depi pwojè konstriksyon an fini, yo refiansman finansman akoutèm yo an jeneral atravè finansman alontèm pou jiska 30 ane, ki ekonomize depans enterè ki enpòtan minisipalite yo pa rapò ak pwòp finansman yo. Baze sou kondisyon aktyèl mache yo, yo prevwa ke finansman alontèm sa yo ap fè kontribiyab yo ekonomize yon estimasyon 53 milyon dola nan peman enterè sou tout dire lavi finansman yo.

**Vant obligasyon yo maksimize enpak fon renouvlab Eta a epi kenbe pwojè ki fini yo abòdab**

Konsèy la te otorize yon pwopozisyon pou vant obligasyon 254.5 milyon dola pou ranbouse kèk seri bon anvan yo. Yo pral pase ekonomi sèvis dèt yo prevwa bay 40 benefisyè pou diminye depans sèvis dèt yo sou pwojè ki te finansman deja pa obligasyon.

Ranbousman yo demontre jesyon finansye pwo-aktif EFC epi benefisyè benefisyè yo jan kondisyon mache yo pèmèt yo. Yo prevwa tranzaksyon an ap fèmen nan mwa septanm nan.

### **Angajman New York pou Kalite Dlo**

Eta New York kontinye ogmante investisman lidè nasyonal li yo nan enfrastrikti dlo, ki gen ladan [325 milyon dola nan opòtinite sibvansyon WIIA](#) ki te disponib nan mwa janvyè. EFC ap aksepte aplikasyon pou sibvansyon WIIA jiska 14 jen. Gen plis finansman sibvansyon disponib kounye a atravè [pwogram Pwojè Amelyorasyon Kalite Dlo](#) DEC la ak nouvo [pwogram Sibvansyon pou Rezistans Vèt la](#) EFC a. Avèk 500 milyon dola yo atribye pou enfrastrikti dlo pwòp nan Bidjè Eta 2024-2025 Gouvènè Hochul te anonse a, New York pral investi yon total 5.5 milya dola nan enfrastrikti dlo ant 2017 ak ane sa. Inisyativ Eta Leta Gouvènè Hochul la ap ede asire kowòdinasyon kontinyèl ak gouvènman lokal yo epi asire kominote yo ka pwofite investisman sa yo. Gouvènè a te ogmante sibvansyon WIIA pou pwojè dlo ize soti nan 25 a 50 pousan nan depans pwojè elijib nèt yo pou ede sipòte pi piti kominote yo. Gouvènè a te elaji Ekip Asistans Kominotè (Community Assistance Teams, CAT) EFC yo tou pou ede ti kominote riral yo ak kominote ki defavorize yo pwofite finansman sa a epi adrese bezwen enfrastrikti dlo pwòp yo. Yo ankouraje nenpòt kominote ki bezwen èd ak enfrastrikti dlo li yo pou kontakte EFC nan <https://efc.ny.gov/CAT>.

Finansman an ajoute sou lòt investisman enpòtan nan kalite dlo yo. Lwa sou Obligasyon Anviwònmanal 4.2 milya dola a ap fè avanse nivo finansman istorik pou modènize enfrastrikti dlo ki ansyen yo epi pwoteje kalite dlo, ranfòse kapasite kominote yo pou yo reziste kont gwo tanpèt ak inondasyon, redwi polisyon nan lè a epi bese emisyon ki chanje klima yo, retabli abita yo epi prezève espas deyò ak fèm lokal yo. Premye faz finansman nan kad Lwa sou Obligasyon an te akòde atravè pwogram WIIA/IMG nan mwa desanm, lè Gouvènè Hochul te anonse 479 milyon dola nan sibvansyon pou 156 pwojè atravè Eta New York. Kominote defavorize yo pral resevwa omwen 35 pousan nan benefis finansman Lwa sou Obligasyon an, avèk yon objektif 40 pousan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)